



Pou Piblikasyon Imedya: 28/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**APRÈ YON REVIZYON DEZAN, GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PLAN DAKSYON
FINAL KONT CHALÈ EKSTRÈM ENTÈ-AGENS LAN**

Plan entè-ajans lan avanse direktiv Eta Leta Gouvènè a pou abòde enpak chalè ekstrèm sou kominote defavorize yo ak Nouyòkè yo ki nan ogmantasyon risk efè sante nwizib

Ajans Eta yo te deja aplike kèk rekòmandasyon avan evènman chalè ekstrèm nan semèn pase a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a piblikasyon Plan Aksyon kont Chalè Ekstrèm Eta a, ki akonpli yon angajman Eta Leta 2022 pou ede planifye ak abòde danje ak enpak chalè ekstrèm sou Nouyòkè yo, patikilyèman moun ki nan kominote defavorize yo ki gen plis chans pou fè eksperyans ak efè danjere sou sante ki lye ak chalè ekstrèm lan. Devlopman plan an, ki te dirije pa Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York ak Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), te konsantre sou kowòdone efò entè-ajans yo ak diminye enpak lokal evènman chalè ekstrèm ki de pli zan pli souvan ak grav, pandan y ap ede asire investisman Eta a priyorize kominote defavorize yo ki sou premye liy ekspozisyon fas ak chalè a.

"Kòm Nouyòkè yo te temwen semèn ki sot pase a, evènman move tan chalè ekstrèm yo pral sèlman ogmante ak chanjman klimatik ki menase lavi ak estil lavi anpil Nouyòkè, patikilyèman moun ki nan kominote defavorize yo ak kominote koulè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Plan Daksyon kont Chalè Ekstrèm ki gen plizyè ajans sa a ede adrese yon seri konplè ekspozisyon fas ak risk chalè, epi li bati sou efò kontinyèl pou pwoteje rezidan ki pi vilnerab nou yo."

An 2022, Gouvènè Hochul te mande Depatman Pwoteksyon Anviwònmantal la (DEC) ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York lan (NYSERDA) pou devlope yon Plan Daksyon kont Chalè Ekstrèm (EHAP) nan repons ak frekans ak entansite evènman chalè ekstrèm yo ke chanjman klimatik la lakoz. Gwoup Travay EHAP la te rasanble plis pase 25 ajans Eta a pou kolabore ak patnè kominotè yo, planifikatè, pratikan adaptasyon yo, lidè gouvènman lokal yo, ak ekspè akademik yo sou etap imedya ak alontèm ki adrese ekspozisyon fas ak chalè ekstrèm, ak yon konsantre sou

soulaje inegalite nan kominote defavorize yo. Pou ede asire ke plan an baze sou prè ak priyorite adaptasyon ekitab, DEC ak NYSERDA te konvoke yon Komite Konsiltatif kominotè ak yon Komite Konsiltatif Syantifik pou enkòpore pèspektiv kominote ki afekte yo ak inivèsite yo.

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal la, Sean Mahar, te deklare, "Chanjman klimatik pa sèlman afekte anviwònman nou an, men tou, li kontribye tou nan konsekans grav sou sante piblik la, sitou nan kominote ki istorikman chaje twòp akòz polisyon anviwònman an. Sou direksyon Gouvènè Hochul, DEC te travay avèk NYSERDA ak plizyè douzèn ajans Eta a epi angaje pati konsène yo pou devlope estrateji ak solisyon kont chalè ekstrèm. Avèk Plan Daksyon kont Chalè Ekstrèm, DEC espere travay ak patnè lokal ak Eta nou yo, Lejislati a, ak lòt pati konsène kle yo pou kontinye goumen kont chalè ekstrèm ak kriz klimatik la pandan y ap idantifye estrateji pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite ak an sante."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Plan Daksyon kont Chalè Ekstrèm la montre ke atravè kolaborasyon estratejik, New York an mezi pou li mete plis resous disponib pou Nouyòkè vilnerab yo ki afekte nan ogmantasyon kantite jou cho ensipòtab akòz chanjman klimatik. NYSERDA te fyè pou l travay avèk Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la ak lòt ajans sè yo pou devlope plan daksyon entèajans Gouvènè an pou asire chemen pou ogmantasyon rezistans kominote a ak aksè nan sant refwadisman pandan l ap diminye depans enèji ak ekipman refwadisman, sitou nan zòn ki pa gen ase sèvis yo."

EHAP idantifye 49 aksyon ak rekòmandasyon Eta dirije pou goumen kont faktè estriktirèl vilnerabilite chalè ak enpak dispwopòsyone li sou Nouyòkè ki pi vilnerab yo. Popilasyon yo idantifye nan plan an kòm moun ki pi vilnerab fas ak chalè ekstrèm gen ladan moun ki gen revni ki ba ak kominote koulè, Pèp Endijèn, sèten travayè andedan ak deyò, granmoun aje ak jèn timoun, fanm ansent, moun ki gen sèten kondisyon ki deja egziste tankou dyabèt ak maladi kè, moun ki gen andikap, moun k ap itilize sèten dwòg ak medikaman, moun ki enplike nan jistis, imigran, moun ki fè fas ak baryè lang ak moun ki gen ensekirite lojman.

Plan an bay priyorite pou ekite nan adaptasyon lè li avanse solisyon ki bay asistans teknik pou kominote lokal yo, ogmante aplikasyon solisyon ki baze sou lanati pou remedye inegalite yo epi redwi efè zile chalè nan vil yo epi amelyore aksè ekitab pou refwadisman lakay yo ak nan espas piblik yo. Ou ka jwenn plan an sou sitwèb DEC sou chalè ekstrèm lan [isit la](#).

Rekòmandasyon yo gwoupe nan kat pis aksyon pou ede kominote yo adapte yo ak chalè ekstrèm lan:

- **Pis Daksyon 1: Planifikasyon ak Aplikasyon Adaptasyon** sipòte kominote yo nan planifikasyon travay yo pou enpak chalè ekstrèm ak nan kowòdone aktivite adaptasyon yo. Pis sa a gen pou objektif pou pèmèt kominote lokal yo adapte yon fason ekitab nan ranfòse, pwomouvwa, ak sipòte kapasite yon kominote,

oswa aptitud, pou rezoud pwoblèm sante ak anviwònman an. Sa reyalize gras a sipò planifikasyon ak kowòdinasyon rejyonal adisyonèl, devlope rezo rezilyans kominote rejyonal yo, ak apwofondi kolaborasyon ak kominote ki nan premye liy yo, lekòl yo, Pèp Endijèn yo, ak lòt popilasyon ki afekte yo, pou site aksyon sa yo sèlman.

- **Pis Daksyon 2: Preparasyon, Kominikasyon, ak Sekirite Travayè yo** asire ke moun New York yo enfòme ak pwoteje anvan ak pandan evènman chalè, ki gen ladan travayè yo. Pis sa a ankouraje sante kominote a, byennèt, ak rezistans atravè aksyon ki gen ladan devlopman adisyonèl nan plan ijans lokal ak rejyonal nan ka chalè, ogmante aksè nan sant refwadisman, natasyon an sekirite, abri ijans ak mesaj piblik pi klè, pou site mezi sa yo sèlman.
- **Pis Daksyon 3: Anviwònman bati, Enfrastrikti, ak Espas Jere** sipòte enfrastrikti fleksib ak an sekirite ak lòt espas bati. Objektif pis sa a se pou kreye anviwònman bati ak ranfòse enfrastrikti vital kominote a ki ka bay soulajman anba tanperati ki wo epi konbat efè zile chalè vil la. Aksyon sa a sipòte priorite aksè ekitab nan konfò tèmik andedan ak deyò tankou redui depans enèji ak ekipman refwadisman, ak pwomosyon rezistans tèmik, klimatizasyon ak dekarbonizasyon nan bilding, pou site mezi sa yo sèlman.
- **Pis Daksyon 4: Adaptasyon ki Baze sou Ekosistèm** priyorize adaptasyon ak chalè nan pwoteje ak ranfòse benefis sèvis ekosistèm yo ak avanse solisyon ki baze sou lanati. Adaptasyon ki baze sou ekosistèm priyorize adaptasyon ak chalè nan pwoteje ak ranfòse benefis sèvis ekosistèm yo ak avanse solisyon ki baze sou lanati. Aksyon yo sipòte forè iben ak kominotè, devlope pi bon pratik pou maksimize benefis ekosistèm ak adaptasyon kominote a nan enfrastrikti vèt, epi finanse fòmasyon jadinya, forestyen, ak lòt moun pou ogmante pwodiksyon pye bwa ak semans ki adapte ak chalè.

Aplikasyon plan an enplike kominikasyon efikas, kowòdinasyon, ak kolaborasyon ant patnè federal, eta ak lokal yo. Ajans eta yo ak otorite k ap patisipe nan Gwoup Travay EHAP yo ap etabli yon komite aplikasyon ki pral reyini regilyèman pou kowòdone aplikasyon ak sipòte ajans ak otorite eta yo, epitou pou resevwa, konsidere ak enkòpore opinyon piblik sou yon baz kontinyèl.

DEC ak NYSERDA pral òganize de webinè pou prezante ak resevwa kesyon sou Plan Daksyon fas ak Chalè Ekstrèm nan dat [9 jiyè apati 2è a 3è p.m.](#) ak [10 jiyè apati 6è a 7 p.m.](#) Webinè yo pral gen ladann prezantasyon DEC ak NYSERDA, ansanm ak lòt ajans eta ki gen ladan D Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a, ki mete aksan sou plan an epi ki bay plis enfòmasyon sou inisyativ Eta a ak efò sante kont chalè.

Piblik la ap gen opòtinite kontinyèl pou bay opinyon sou Plan Daksyon kont Chalè Ekstrèm lan. Pou plis enfòmasyon, vizite [sitwèb DEC la](#).

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la, Jackie Bray, te deklare,

"Semèn pase a, Eta New York te wè plizyè jou chalè ekstrèm konsekitif epi nou totalman espere ke sa a pral kounye a nòmal pandan ete a. Gouvènè Hochul te panse pou pi devan nan dirije kreyasyon plan sa a epi operasyon ijans nou yo deja enkòpore rekòmandasyon li yo. Chalè ekstrèm se premye kòz lanmò ki gen rapò ak move tan nan Etazini e li enpòtan pou moun kòmanse pran aksyon pou prepare pou enpak li yo menm jan yo prepare pou lòt ijans tankou siklòn, inondasyon ak tanpèt ivènal."

Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Evènman chalè ekstrèm yo ap vin tounen yon reyalite pi souvan pandan n ap fè fas ak gwo enpak chanjman klimatik yo ak efè li sou sante ak sekirite Nouyòkè yo. Apwòch entèajans Gouvènè Hochul pral sipòte kominote lokal nou yo epi bese enpak negatif sou sante tanperati ki danjerezman wo, espesyalman nan mitan popilasyon vilnerab yo. Mwen vle tout Nouyòkè yo pran sa oserye epi yo konprann se pa sèlman chalè a, se imidite a tou epi pandan chalè ekstrèm frape eta nou an, tanpri veye konsèy nou yo, swiv nou sou rezo sosyal yo, tcheke endis chalè ou ak kalite lè a, epi sitou rete fre, rete idrate, epi tcheke sou zanmi w, fanmi w, ak vwazen vilnerab yo."

Eta New York ap pran mezi adisyonèl pou adrese chalè ekstrèm jan sa endike nan [rekòmandasyon pwovizwa yo](#), ki te pibliye an jen 2022. Etap sa yo te konsantre sou aplikasyon rapid pou adrese bezwen grav yo pandan ke Gwoup Travay EHAP te devlope efò kowòdone alontèm ki konsantre sou diminye chalè ekstrèm ak inegalite sistemik ki agrave efè li yo. DEC nan dènye etap yo tou nan negosyasyon yon pwotokòl dakò ak yon ekip rechèch nan College of Environmental Science and Forestry nan Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) pou devlope kat jewografik ekspozisyon chalè atravè Eta New York ak zouti pou modele efè pwojè chanjman itilizasyon tè ak pwojè diminisyon chalè nan kondisyon klimatik aktyèl ak alavni yo.

Plan an se konplèmantè tou ak repons eta kowòdone yon fason kontinyèl pou ijans chalè ekstrèm ki te dirije pa DHSES. DHSES se yon manm nan Gwoup Travay EHAP epi nan mwa jen 2023 te pibliye yon [anèks espesifik chalè ekstrèm](#) nan Plan Jesyon Ijans Konplè Eta a.

Avèk chans pou chalè ekstrèm kontinyèl ete sa a, ajans Eta New York yo rete angaje yo epi yo pare pou ede Nouyòkè yo prepare pou enpak chalè. Gouvènè Hochul [Dènyèman ankouraje piblik la swiv yon pakèt aksyon](#) ak konsèy pou ede bese ak anpeche ekspozisyon chalè ki ka touye moun.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)